



Ronald HENRI UCDDJ


Union Citoyenne pour la Défense des Droits des Jeunes

Ronald se yon lidè sosyal k'ap travay pou jistis sosyal ak pwogrè nan Waf Jeremi, yon zòn souvan majinalize nan sid Site Solèy.

UCDDJ te fonde nan ane 2006 pou fè fas ak pwoblèm pwoteksyon sosyal ak mank sipò pou timoun nan Waf Jeremi. UCDDJ mobilize moun nan zòn nan pou ankadre timoun vilnerab nan kreye aksè ak edikasyon, èd psiko-sosyal, ak espò. Youn nan pi gwo aktivite yo se kreyasyon Omega Boxing Club, ki ede jèn yo aprann mete enèji yo nan boks e devlope disiplin lakay yo.

Ronald kwè se nan travay ak jèn, li ka rive chanje vizaj Waf Jeremi e konstwi pon ak lòt kominote toupatou nan Site Solèy.

WAF JEREMI



Benitois ROSEMÉ PEU

Planète des Enfants Unies

Benitois "Boudou" Rosemé rekonèt toupatou nan Site a kòm yon pyonye nan devlopman kominotè, men li pa vreman jwenn rekonesans pou travay li.

PEU te fonde nan ane 1980, e nan denye 36 ane, yo ankadre 9,350 timoun. Yo genyen anpil fason yo ankadre timoun pou yo konnen valè edikasyon, devlopman sosyal, ak lapè. Pi gwo pwogram yo aktiyèlman se karate, ki aprann jèn yo kijan pou defann tèt yo san yo pa bezwen itilize zam, ak kijan pou kontwòle tèt yo ak lespri yo.

Bodou fyè lè jèn yo nan Boston vin jwenn lòt inisyatif Solèyan tankou mach pou lapè. Li genyen yon gwo vizyon pou Site Solèy ki sipase baryè ki egziste ant katye ak katye.

BOSTON


2016

Prim Solèy Leve




Prim Solèy Leve te fonde nan ane 2014 pa Louino ROBILLARD, yon jèn lidè sosyal ki te grandi nan Site Solèy. Prim sa a kreye nan objektif pou ede jèn yo pa dekouraje nan travay sosyal yo.

Prim sa a onore gwoup lidè ki pa byen rekonèt pou **travay sosyal** yo ap fè nan Site Solèy. Li valorize moun ki ap fè yon enpakt pozitif nan kominote yo nan lespri **patisipasyon** ak **kolaborasyon**, ki se lespri **konbit**.



Komite seleksyon ane sa : Winter Luc, Jessica Laporte,
Chamblin Claudy, Lesley Hilaire, Alashkar Milien,
Herode Garry Laurent, Jorel Joachin

Aprann plis nan www.citesoleil-peaceprize.com



Gardy GUERRIER

REMUSOV

**Regroupement des Mutuelles
de Solidarités de Vaudreuil**

Tout moun konnen Gardy kòm yon revolisyonè ki genyen yon bon kè ki ap chache rezilyans, jistis sosyal, ak devlopman pou kominote li kòm prezidan REMUSOV.

REMUSOV se yon rezo mityèl solidarite, ki ede moun ak ti komès ak sipò sosyal nan Vodrey, ki se yon kominote nan zòn riral komin Site Solèy. REMUSOV tou kreye yon estrikti pou ede moun nan zòn nan organize tèt yo pou fè travay kominotè tankou agrikilti biyolojik, ekleraj zòn yo, ak rediksyon risk dezast natirèl (tankou inondasyon).

Menmsi anpil moun nan zòn riral Site Solèy pa fyè pou di yo se moun Site Solèy, men Gardy toujou genyen anpil fyète pou idantifye tèt li kòm moun Site Solèy, paske li kwè Site Solèy bezwen tout pitit li pou li chanje.

VODREY



Jean Olrich ESTIME

PENAH

**Pépinière des Enfants pour
l'Avenir d'Haïti**

Jean Olrich Estime genyen anpil dedikasyon pou kesyon ede timoun nan kominote li.

Olrich te fonde PENAH nan ane 2009 ak yon vizyon pou pwoteje dwa ke chak timoun genyen pou bonjan edikasyon, lasante, ak lwasi. Yo travay ak volontè lokal yon pakèt patnè tankou Malteser International ak La Difference sou pwomosyon lijèn, pou kreye aktivite espòtif e kiltirèl pou timoun yo, e pou kreye yon jaden iben kominotè (ki enspire de SAKALA, yon lòt patnè lokal).

Jean Olrich pa rete sèlman andan Site Limyè – li travay avek yon pakèt lòt òganizasyon toupatou nan Site Solèy ki pataje vizyon li, ki se kreye opòtinite pou yon pi bon demen pou timoun Ayisyèn.

SITE LIMYE



Jean Claude MOISE

OPJED

**Organisation pour la
Promotion des Jeunes et
Enfants en Difficulté**

Jean Claude aktif nan sèvis kominotè nan Site Solèy depi 20 an.

OJPED te fonde nan ane 1996 ak objektif pou identifye timoun vilnerab pou ede yo nan lekòl ak koman aprann konbat ak lavi a. Yo fasilite moun pou travay ansanm ak yon plizyè patnè pou bay aktivite ak sèvis nan domèn tankou nitrisyon, bous lekòl, fòmasyon pwofesyonèl ak staj, e sipò psiko-sosyal.

Jean Claude genyen kapasite pou konekte gwo patnè deyò Site a avèk inisyatif lokal nan kominote li a. Li toujou travay ak kèk gwo òganizasyon nan Site a, men li pa janm lage òganizasyon lokal li.

SOLEY 19 & 21